

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta pakakas pikeun komunikasina manusa. Nurutkeun Kamus Danadibrata (2006: 68), basa nya éta omongan sapopoé tiap-tiap bangsa. Jadi, basa mangrupa omongan anu dipaké pikeun komunikasi manusa. Ngaliwatan basa, manusa bisa komunikasi langsung jeung manusa séjénna, silih tukeur pangalaman, ngedalkeun rasa, kahayang sarta imajinasi anu aya dina pikiranana.

Nurutkeun Tarigan (2008: 1), aya opat kaparigelan basa anu biasa dipaké dina pangajaran basa, nya éta: ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita. Opat kaparigelan éta henteu bisa dipisahkeun, silih mangaruhan jadi hiji beungkeutan anu disebut catur tunggal. Nurutkeun Sudaryat (2004: 12) aya tilu tujuan pangajaran basa Sunda nya éta sangkan siswa: 1) ngajénan jeung ngarasa reueus kana basa jeung sastra Sunda; 2) paham kana basa jeung sastra Sunda (wangun, harti, jeung punsi); sarta 3) mampuh maké basa jeung sastra Sunda kalawan bener tur merenah. Miang tina tujuan pangajaran basa nu diébréhkeun ku Sudaryat di luhur baris katitén tina kaparigelan basa anu dikawasa ku siswa.

Dumasar SKKD, komponén ngaregepkeun jeung maca kaasup kana tahap pamahaman, ari komponén nyarita jeung nulis kaasup kana tahan aplikasi.

Kiwari masarakat Indonésia geus kurang minat kana kagiatan maca. Hal ieu anu diebréhkeun ku Abidin (2012: 1) yén di lingkungan Sakola, minat siswa kana maca masih kénéh kurang, éta hal dibalukarkeun sababaraha faktor di antarana waé: 1) pangajaran maca di Sakola kurang inovatif nu ngabalukarkeun siswa bosen, jeung 2) kurangna pamahaman siswa kana eusi bacaan nu ngabalukarkeun siswa ngedul maca.

Nurutkeun pangalaman panulis salila PPL (*Program Pengalaman Lapangan*) di SMA Negeri 14 Bandung hususna kelas XI anu kurang leuwih opat bulan lilana (Séptémber-Désémber 2012), bisa dicindekkeun minat maca siswa kurang pisan, komo kana maca téks basa Sunda. Téks basa Sunda dianggap hésé dibanding téks basa Indonésia. Ku kituna panulis ngayakeun panalungtikan sacara

Hesti Widiastuti, 2013

BABANDINGAN KAMAMPUH MACA PEDARAN (BASA SUNDA) JEUNG PEDARAN (BASA INDONÉSIA)
SISWA KELAS XI IPA 3 SMA NEGERI 14 BANDUNG TAUN AJARAN 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pasti, kumaha kamampuh maca téks basa Sunda siswa kelas XI anu diwakilan ku XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung sarta faktor naon anu ngabalukarkeun kurangna minat maca téks basa Sunda di kelas XI IPA 3.

Dumasar kana hal di luhur, ieu panalungtikan nu dilaksanakeun di SMA Negeri 14 Bandung téh dianalisis pikeun ngukur minat maca siswa kana téks basa Sunda di lingkungan sakola SMA Negeri 14 Bandung sarta ngabandingkeun minat siswa antara maca téks Basa Sunda jeung Basa Indonésia.

Maca téks dina ieu panalungtikan nya éta maca Pedaran anu saluyu jeung pangajaran kelas XI, pentingna maca pedaran pikeun siswa dina pangajaran basa nya éta pikeun ngaidéntifikasi, napsirkeun sarta maham kana eusi bacaan. Ku ayana kagiatan maca pedaran, siswa dipiharep leuwih paham kana hal-hal anu aya patalina jeung élmu pangaweruh, boh anu aya patalina jeung kasundaan, boh di luar kasundaan.

Ieu panalungtikan medar hiji kaparigelan nya éta kaparigelan maca lantaran saluyu jeung masalah anu disanghareupan kiwari. Kurangna minat rumaja hususna siswa SMA dina maca téks basa Sunda mangrupa masalah anu kiwari disanghareupan. Teu saeutik siswa SMA anu nganggap maca téks basa Sunda leuwih hése tibatan maca téks dina basa Indonésia. Ku kituna ieu panalungtikan bakal nguji coba kamampuh maca siswa dina maca téks basa Sunda jeung basa Indonésia

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Saluyu jeung kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ngawengku kamampuh siswa XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung kana maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia), sarta babandingan kamampuh siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung kana maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia).

1.2.2 Rumusan Masalah

1. Kumaha kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
2. Kumaha kamampuh maca Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
3. Kumaha hasil babandingan kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?
4. Faktor naon anu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho babandingan kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) jeung maca Pedaran (Basa Indonésia).

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

1. kamampuh maca pamahaman Pedaran (Basa Sunda) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung,
2. kamampuh maca pamahaman Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung,
3. hasil babandingan kamampuh maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung,
4. faktor nu mangaruhan kana kamampuh maca pamahaman Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung.

1.4 Mangpaat Pananulungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh ngawewegan jeung ngaronjatkeun tiori anu patali jeung kamampuh maca siswa SMA dina pangajaran maca pedaran. Éta tiori téh bisa dijadikeun dadasar pikeun mekarkeun panalungtikan dina widang séjénna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés deui baris diwincik sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, di antarana:

1. pikeun panalungtik, bisa mikawanoh kamampuh sarta minat maca Pedaran (Basa Sunda) jeung Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung, sarta faktor naon anu mangaruhan kana hasil panalungtikan;
2. pikeun siswa, hasil tina ieu panalungtikan bakal ngadatangkeun mangpaat pikeun siswa anu miboga masalah dina kaparigelan maca, bisa nimbulkeun minat, sumanget, sarta nambahan kaparigelan dina maca pedaran (Basa Sunda);
3. pikeun guru, bisa mikanyaho kamampuh maca pamahaman kana Pedaran (Basa Sunda) sarta maca Pedaran (Basa Indonésia) siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung, sarta bisa ngaropéa masalah anu bakal timbul dina pangajaran maca pedaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, wangenan istilah, métode jeung téhnik panalungtikan, sumber data, sarta raraga tulisan;

Bab II eusina ngeunaan kajian Tiori, medar ngeunaan kaparigelan maca sarta pedaran, anggapan dasar, jeung hipotésis. Dina ieu bab, eusina ngeunaan tatapakan téori anu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;

Bab III eusina ngeunaan métodologi panalungtikan, medar ngeunaan populasi jeung sampel, desain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik

panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, validitas jeung réliabilitas soal tés, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data uji hipotésis;

Bab IV eusina ngeunaan data jeung analisis hasil panalungtikan, medar ngeunaan déskripsi, prak-prakan, jeung hasil babandingan kamampuh maca dina pedaran basa Sunda jeung basa Indonésia siswa kelas XI IPA 3 SMA Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012/2013; jeung

Bab V eusina ngeunaan Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.

